# Mbañeel wala xaajatle bu wekku ci xeet, diine, dëkk bu nga bayyeekoo, wala yeneen xeet u mandarga da ñu koy aaye ci NYC.

## Su fekkee ni yow wala koo xam da ñu leen fitnaal ci seen yaram wala ñu buntuxataal leen ndax ki nga doon— wala sa xeet, sa waaso, sa diine— ñu ngi lay ñaan nga woote ci 911.

Alkaati u NYPD yii du ñu la laaj wall u nekkin u gaddaay u kenn kuy wut ndimbal ak taxawu ci lakk bu jappandal. Alkaati yii mën na ñu itam dimbali jokkale la ak Mbootaay Bii Jappale ñi ñu Tooñ ak ay mëneef yu jappandal ci ñoom.

Mën nga itam jokkoo ak Mbootaay Bii Jappale ñi ñu Tooñ ngir taxawu leen ci yeg-yeg, ci wer gu yaram, ak ci koppar ginaaw bi ñu leen defee ñaawteef, ak itam seen yeneen pexe. Wooteel ci Buum u Ñaawteef Yëpp ci 1-866-689-HELP (4357) TDD: 866-604-5350.

## Su fekkee ni yow wala koo xam da ñu leen fitnaal wala di def xaajatle mu doon sosiyeete, patoroŋ, wala kuy luye ndax ki nga doon ñu ngi lay ñaan nga woote ci Comisioŋ u Aqq ak Yelleef u Doom u Aadama bu NYC ci 212-416-0197.

Aar na ñu la ci xaajatle ci wall u wut luyaas, ci ligeeyukaay, ak ci barab u feexlukaay yi mu doon ci sa xeet, sa diine, sa dëkk bi nga bayyeekoo, sa at, sa nekkin u gaddaay, sa laago, wala yeneen wall yu ñu aar di sukkandiku ci Yoon u Aqq ak Yelleef u Doom u Aadama bu NYC te ki koy doolee di Comisioŋ u Aqq ak Yelleef u Doom u Adama bu NYC. Aji jalgati yii mën na ñu fay ay daan itam/wala ay ndampaay ci aji gaañu yii. **Ngir ñaan taggat, bokk na ci Bystander Intervention, wooteel ci 212-416-0197 wala nga seeti nyc.gov/humanrights.**

## Ndax da nga soxla taxawu ci wall u yoon u gaddaay?

Su fekkee ni da nga dund ay ñaawteef (bokk na ci jalgati wala siif), mën na ñu la tann ci ay xeet u yombal gaddaay. Ngir ndimbal u gaddaay ci yoon gu woor te doo ci fay dara, te du ñu ci seet sa nekkin u gaddaay, **wooteel ci buum u jokkoo ngir Tektal u yoon ci Gaddaay ci 1-800-354-0365, Altine ba Aljuma 9am ba 6pm.**

## Ndax da ngay wër taxawu ci wall u wer gu yaram?

Su fekkee ni yow wala ku nga bëgg da ngeen yeg ni mbir yii dafa leen ëpp, NYC 988 mën na la dimbali. NYC 988 nekk na nimero boo dul fay dara, and ak sutura ngir taxawu la ci wall u wer gu yaram te jappandal 24 i waxtu ci bes, 7 i bes ci ayu-bes, ci lu ëpp 200 i lakk. **Ngir wax ak ab tektalkat wooteel wala nga yonnee mbind ci 988 wala ci geew u weccoo kaddu ci internet ci 988lifeline.org/chat.**

NYC | Office for the Prevention of Hate Crimes | Office of Community Mental Health | Mayor's Office of Immigrant Affairs | Commission on Human Rights